# FATIMA TNIBAEVA

*Ózbekistan mamleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

*"Muzıka kórkem óneri" fakulteti 2-kurs studenti*

***Tlepov Ílxambek***

*Ilimiy basshı:* ***Kamalova Gúlmaryam***

**Annotatsiya:** Bul maqala Fatima Tnıbaevanıń qaraqalapaq muzıka mádeniyatına qosqan úlesi, ómiri hám dóretiwshiligi haqqında maǵlıwmat berilgen.

**Gilt sózler:** Muzıka, duwtar, fortepiano, baqsı,jıraw.

Muzika - insan oy-pikiri hám sezimleriniń sazda jámlengen kórkem kórinisi. Ol júrek keshirmelerin sózsiz bildirip, ruwxıyattıń eń názik qatlamlarına sińip baradı. Ásirler dawamında muzika jámiyet turmısınıń ajıralmas bólegi bolıp, xalıqtıń ruwxiy dúnyası, estetikalıq kózqarasları hám tariyxıy yadın ózinde jámlep kelgen. Namalar arqalı insan óziniń ishki dúnyası menen duslasadı, ómirdiń mazmunın tereńirek ańlay baslaydı. Usı mánide muzıka kórkem óneri insandı ruwxıy jetiklikke jeteklewshi teńsiz qural sıpatında kórinedi.

F.Tnıbaeva 1976-jılı muzıkantlar shańaraǵında tórtinshi perzent bolıp dunyaǵa kelgen. Ákesi xalqımızǵa belgili bolǵan Tnıbay baqsınıń perzenti Karımbay Tnıbaev bolǵan. Karımbay aǵa ózi baqsı hám sázende bolǵanlıqtan onıń balalarınıń derlik hámmesi ata jolın dawam etti desek asra aytqan bolmaymız. F.Tnıbaeva 1982-jılı "Moksim gorkin" atındaǵı ulıwma orta tálim beriw mektebine oqıydı. F.Tnıbaevanı ata-anası kórkem óner tarawı wákili bolǵanlıqtan qızınıń bos waqtı bolmay muzıka kórkem óner mektebinde oqıwın qálegen. Onnan soń ekinshi klasınan baslap kórkem óner mektebine fortepiano qániygeligine hám bir jıldan soń oqıwın toqtatadı. F.Tnıbaeva orta bilim berıw mektebinde bolıp ótken bayram keshelerde, báhár ayında mektepler arasında ótkeriletuǵın "San'at bayram"larında belsendi qatnasıp qosıq aytatın bolǵan. Ajaǵası Murat Tnıbaevta sol mekteptı oqıp

pitkeredi hám sol jerde muzıkant bolıp jumıs islep júrgen waqtında da F.Tnıbaevanıń bayram keshelerde qatnasqanda janında qasında sazende bolǵanlıqtan qarındasınıń atqarǵanın esitip úyine kelgen soń "ótip aytpa, bóytip ayt", "háwijge qáte shıqtıń" dep óz aqılın bergen.

F.Tnıbaeva sáwbet dawamında ákesi qızınıń kewline qaraǵanı, egerde qızınıń kewline sál qattıq qollıq penen qarap "fortepianoda oqıysań qızım" degende kúshli fortepianoshı bolatuǵın edim dep óz ókinishin bildirdi.

Kúnlerdiń bir kúninde K.Tnıbaev qızına muzıka uchelishesinde milliy muzıka bólimi ashılǵanın aytıp sol jerge tapsırıwdı usınıs etedi, F.Tnıbaeva ózi medicina uchelishesinde oqıǵısı kelgen edi, bıraq ákesiniń rayın qaytarǵısı kelmegen F.Tnıbaeva duwtar áspabın úyreniwdi baslaydı. K.Tnıbaev qızınıń qolına duwtar uslatıp hár qıylı qaǵıslardı shertkizip kóredi, qızınıń uqıbı bar ekenin sezip muzıka uchelishesine milliy muzıka bóliminde Ózbekstan xalıq baqsısı Ǵ.Ótemuratov klasında oqıp shıǵadı. Sol waqıtları alamoynaq duwtar ushın arnalǵan namalar ele notaǵa alınbaǵanlıǵı sebepli ustaz-shágirt jolında oqıp tálim aladı. Uchelishede F.Tnıbaeva  fortepiano, teorıyalıq sabaqlar jáne qosımsha saz ásbaplarda úyrenedi. Sol jerde fortepiano klasında oqıtqan ustazı F.Tnıbaevaǵa seniń notani oqıwlarıń jaqsı, barmaqlarıń jaqsı oynaydı seni Maxset Kamalovqa usınıs etemen sen fortepiano bóliminde oqıp shıǵıwıń kerek, sen tek teńleslerińnen bir jıl kesh pitkereseń dep aytadı. Bıraq bul gáplerdi F.Tnıbaeva ákesinede aytpaǵan, F.Tnıbaeva sózi dawamında meniń bul qılǵanım hayyarlıǵımba yamasa balalıq qılǵanımba dep jáne bir márte óz ókinishin bildirdi. F.Tnıbaeva uchelisheni oqıp júrgen jıllarında Baqbergen Sırımbetovqa turmısqa shıǵadı hám Ulzıyra hám Gúlziyra atlı egizek qizları Uzaqbergen, Qosbergen atlı perzentleri dunyaǵa keledi. F.Tnıbaevanıń qayneneside xoreografiyani qániygeligin pitkergeni ushın aqlıq qızlarınıń da ayaq oyın menen aralasıwın qálegen hám aqlıqlarınıń ayaq oyın menen shuǵıllanıp atırǵanına quwanǵan.

Uzaqbergen perzentide ákesiniń qobız áspabın shertip jırlaǵanın kórgenlikten be olda qobız áspabın shertiwge qızıǵadı. Bıraq Uzaqbergen 22-sanlı balalar muzıka hám kórkem óner mektebinde ayaq oyın jónelisi boyınsha oqıp shıǵadı. Onnan soń Ózbekstan mámleketlik kórkem óner instutında da ayaq oyın jónelisi boyınsha oqıp shıǵadı, al xázirgi waqıtta soń ózi oqıp shıqqan instutta ayaq oyını boyınsha sabaq berip kelmekte.

Qosbergen dá muzıkantlar shańaraǵında óskenlikten muzıkaǵa bolǵan intási kúshli bolǵan. Bıraq F.Tnıbaevanıń aytıwı boyınsha Qosbergendi 5-klasqa shekem muzıkaǵa baylanıslı tarawlarda oqıtpaǵan, oǵan perzenti “Polat dayımnıń balaları qosıq aytadı men nege aytpayman” dep óz-ózine qapa bolıpta júrgen. Al 5-klasqa kelgende girjek hám qobız ásbapları boyınsha boyınsha 22-sanlı muzıka mektebinde oqıwın baslaydı, házirgi waqıtta sol jerde óziniń muzıka sawatqanlıǵın asırıp atır.

Bul shańaraqtaǵı hár bir muzıka kórkem óneri iyesine talmas kúsh jiger hám jıllı tilekler menen aldaǵı jumıslarında tasqın tabıs tileymiz.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. G.Kamalova U.Tursınbaeva “Qaraqalpaq milliy muzıka atqarıwshıları” (biografiyalıq ocherk)

2. G.Kamalova “Qaraqalpaq muzıka tariyxı” Nókis

3.D.Allanazarov “Qaraqalpaq sazları” Nókis

4. A.Erejepov “Qaraqalpaq milliy saz ásbapları”

5. G.Kamalova G.Orazalieva “Duwtar zawqı” Nókis-2023

6. G.Kamalova A.Muratbaeva “Qaraqalapaq xalıq maqtanıshı” Nókis-2023